


# Pare pou Lwe:

## #ReadytoRentNYC



Èske w ap chèche yon apatman ki pa twò chè nan lotri lojman Vil New York la? L ap enpòtan pou prepare bonè. Istwa kredi ou ap enpòtan. Mete w pare pou remèt yon aplikasyon pou lojman ki pi solid!

### Konsèy Sou Finans GRATIS

Rankontre fas-a-fas ak konseye pwofesyonèl nan zafè finans pou:



Verifye kredi ou

Kalkile revni ou pou lojman

Sere lajan pou depans pou demenaje

### Asistans ak Aplikasyon GRATIS

Rankontre ak yon Anbasadè Lojman pou:



Aplike pou lotri lojman pou Housing Connect

Sanble enfòmasyon ki enpòtan

Mete ou pare pou montre ou kalifye

### Pou jwenn plis enfòmasyon:

 Rele 311 epi di "Ready to Rent."

 Ale sou sitwèb [nyc.gov/ready-to-rent](https://nyc.gov/ready-to-rent).

Gade nan do a pou yon lis Anbasadè Lojman.



Housing Preservation & Development



Southside United  
HDFC - Los Sures



Pwogram sa a se Depatman Zafè Konsomatè ak Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (HPD) nan Vil New York ki opere li, nan yon kolaborasyon ak Ariva. Nou vle fè ou konnen konsèy finansyèl pa afekte plasman ou nan okenn lotri lojman ki pa twò chè, men li kapab mete ou nan yon pi bon pozisyon pou jwenn lojman ki pa twò chè. Sa a se yon adaptasyon Ready, Set, Apply!, ki te fèt grasa yon kolaborasyon ak Center for Urban Pedagogy, konsepsyon pa Maison Papercut, epi ilistrasyon pa Rebecca Clarke.



Konsèy sou finans ak èd avèk aplikasyon pou lojman ki pa twò chè disponib nan:

## THE BRONX

We Stay/Nos Quedamos  
754 Melrose Avenue  
Bronx, NY 10451

## BROOKLYN

Los Sures – Southside United HDFC  
145 South 3rd Street  
Brooklyn, NY 11211

## MANHATTAN

East Harlem Council for Community Improvement (EHCCI)/Hellgate Management Corporation  
413 East 120th Street, Room 305  
New York, NY 10035

## QUEENS

Legal Hand Jamaica  
149-13 Jamaica Avenue  
Jamaica, NY 11432

**Rele 311** pou pwograme yon randevou pou konsèy sou finans gratis nan youn nan biwo sa yo.

**Ale sou sitwèb [nyc.gov/ready-to-rent](https://nyc.gov/ready-to-rent)** pou wè plis Anbasadè Lojman ki ka ba ou èd gratis avèk aplikasyon lojman ki pa twò chè.